


# Si mwen “MALAD,” TWÒ malad pou m pa ale lekòl?



Voye mwen  
lekòl si ...

- Nen mwen ap koule oswa m touse enpe, apasa mwen pa gen lòt sentòm.
- Si mwen pa pran okenn medikaman pou fè fyèv-la bese pandan yon jou (24è), epi mwen pa menm gen lafyèv touttan sa. .
- Si mwen pa vomi oswa gen dyare pandan yon jou (24è).



Mwen ka  
rete lakay  
si ..

- Tanperati kò mwen pi wo pase 100.4 degre menmlè mwen pran medikaman.
- Si m ap vomi oswa gen dyare.
- Si zye mwen koulè wòz epi yo fè kwout.



Rele doktè si...

- Tanperati kò mwen pi wo pase 100.4 degre pandan plis pase de jou.
- Si m ap vomi oswa mwen gen dyare pandan plis pase de jou.
- Si mwen gen grip ak larim depi plis pase yon semenn, epi mwen pa santi m mye.
- Si malgre mwen pran medikaman, mwen toujou gen sentòm asma (rele 911 si mwen gen pwoblèm respire apre m fin itilize inalè a).

**SI PITIT-OU AP ABSAN POUTÈT MALADI:** YON PARAN DWE RAPÒTE ABSANS-LA BAY ESTAF KI DEZIYE. VIZITE SIT ENTÈNÈT LEKÒL-LA, ALE SOU **KONTAK (CONTACT)**, SELEKSYONE **RAPÒTE YON ABSANS (REPORT AN ABSENCE)** KOTE OU KA SOUMÈT YON FÒM SOU FÒMA ELEKTWONNIK, OSWA RELE LIY TELEFON DIREK POU RETA AK ABSANS, OUBYEN VOYE YON NÒT AK ENFÒMASYON KI NESESÈ.

# ALE LEKÒL JODI, REYISI DEMEN

## ALE LEKÒL REGILYÈMAN VLEDI POU ...



**ELÈV KLAS PRESKOLÈ**  
 Devlope abilite ak bon abitid  
 paske yo vin lekòl alè



**ELÈV KLAS PRIMÈ**  
 Yo kapab li trè byen rive  
 nan fen twazyèm ane



**ELÈV AYESKOUL**  
 Rete sou chemen  
 pou gradye



**ELÈV KOLÈJ**  
 Pran diplòm-yo



**TRAVAYÈ**  
 Reyisi nan travay-yo

Twòp absans – kit yo eskize kit yo pa eskize – ka anpeche elèv-yo reyisi lekòl ak nan lavi.  
 Konben absans ki twòp? 10% absans nan ane eskolè a – sa fè 18 jou absans oswa 2 jou pa mwa –  
 ka fè elèv-yo pa fini.



**The School Board of Broward County, Florida** Heather P. Brinkworth, Chair • Donna P. Korn, Vice Chair • Lori Alhadeff • Robin Bartleman • Patricia Good • Laurie Rich Levinson • Ann Murray • Dr. Rosalind Osgood • Nora Rupert • Robert W. Runcie, Superintendent of Schools

The School Board of Broward County, Florida, entèdi tout regleman oswa pwosedi ki lakòz diskriminasyon baze sou laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, enfòmasyon jenetik, eta sivil, nasyonnalite, ras, relijyon, sèks oswa oryantasyon seksyèl. School Board bay Boy Scouts ak lòt gwoup jenn ki deziyen, aksè egal. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman kapab rele Direktè Equal Educational Opportunities/ADA Compliance & District's Equity Coordinator nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. Dapre amannman lwa Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008 (ADAAA), moun andikape ki bezwen akomodasyon kapab rele depatman Equal Educational Opportunities /ADA Compliance Department nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. [browardschools.com](http://browardschools.com)